

# KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

YO NONMEN RUDY DIAZ MEYÈ PWOFESÈ M-DCPS POU ANE A,  
DONTRICIA JONES SE MEYÈ PWOFESÈ DEBITAN POU ANE A



Sipènstandan Alberto M. Carvalho mamm Komisyón Konsèy Lekòl, ak prezidan 'United Teachers of Dade' Karla Hernández-Mats, ap rekonèt Rudy Diaz.

Yo nonmen Rudy Diaz, yon pwofesè Pwodiksyon Televizyon nan Lekòl Segondè South Miami, Meyè Pwofesè Francisco R. Walker pou Ane 2018 la nan Miami-Dade County. Kat finalis te nan konpetisyon pou tit sa a anpil moun ta renmen ranpòte aye sa a, ki gen ladan yon kandida nan youn nan chak twa rejyon Distri a, e youn nan Edikasyon Altènatif/Adilt.

Pandan 30 aye fonksyon ansèyman li, Diaz transfòme lavi anpil elèv nan lekòl li a, keseswa elèv ki nan pwogram li a e menm sa ki pa ladan. Li ede elèv atravè disciplin yo avèk dosye travay kolèj, video atletik ak lòt pwojè espesyal. Fason li anseye, ki pa gen parèy, fè pwofesyon plizyè santèn jèn elèv vin posib. Elèv Diaz yo konnen depi yo trè jèn, avni yo ka gen ladan karyè kòm pwodiktè, ekriven, editè, kameramann, prezantatè nouvèl ak repòtè. Deviz Diaz se "Bay enspirasyon ki rive pi lwen pase sijè w ap anseye a." Diaz pa te kòmanse kòm yon pwofesè, men apre kèk aye travay nan sektè prive a, li te deside vrè vokasyon li se anseye lòt moun.

Moun ki pran dezyèm plas la se Laura Ortiz ki soti nan Sant Edikasyonèl Robert Morgan. Yo te rekonèt nan evènman an tou meyè pwofesè debitan yo. Yo rekonèt Dontricia Jones, yon pwofesè nan Lekòl Elementè Norland, Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a. Davalyn Suarez, yon pwofesè nan Lekòl Segondè Miami pran dezyèm plas pou Meyè Pwofesè Debitan pou Ane a.

## PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

15 mas	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
5 avril	10:00 dimaten	Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2017-2018
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye ; Lekti Inisyal - Zòn Prezans pou 2017-2018

'iCHOOSE' (MWEN CHWAZI) M-DCPS, OU TA DWE FÈ SA TOU!

CHOOSE  
M-DCPS  
the #1 district.  
#iChooseMDCPS  
www.ichoosemdcps.com

Edikasyon ou oubyen edikasyon pitit ou se chwa pa w. "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) vle fè w konnen sa lekòl nou yo gen pou ofri, poukisa moun renmen travay pou Distri a, e poukisa patnè kominotè ak paran yo chwazi pou patisipe nan lekòl nou yo.

Chak lekòl leta nan Miami-Dade County gen yon bagay san parèy pitit ou ka benefisy. Kòmanse nan lekòl ki pote aprantisaj la pi lwen pase salklas la pou rive nan lanati, kote yo travay nan forè pou kiltive manje yo, rive nan lekòl ki ofri kodaj ak wobotik kòmanse depi nan klas elemantè, M-DCPS asire elèv nou yo aprann ladrès e yo jwenn kalite ki pral ede yo tounen sitwayen global.

Anplwaye nou yo rantre nan ekip nou an paske yo pare pou ede enspire, transfòme e kite yon mak pozitif nan lavi timoun yo. Patnè kominotè ak paran yo konprann avni kominote nou an depann de kalite edikasyon timoun nou yo resevwa. Donk pwochèn fwa ou tande pale de iChoose M-DCPS, konprann se pa sèlman yon kanpay maketing, se nou menm ki ap fè w konnen possiblite san fen ou genyen lè w chwazi M-DCPS.

**Alberto M. Carvalho  
pral fè yon  
Konvèrsasyon sou  
Twitter an DIRÈK**

**Jedi  
23 Fevriye  
3è - 4è nan  
aprèmidi**

**Patisipe nan  
konvèrsasyon an**



**nan poste kesyon**

- ou sou @MiamiSup
- utilize

**#AskMiamiSup**




## TE GEN PLIS PASE 20,000 PATISIPAN NAN EKSPOZISYON STEAM MIAMI-DADE

Plis pase 20,000 '#STEAM aficionados' te patisipe nan Ekspozisyon Anyèl STEAM Miami-Dade la 4 fevriye. Elèv yo te ekspoze plan rechèch ak jeni bay kominate a pandan yo t ap angaje yo nan aktivite ak konpetisyon enteresan. Asire w ou patisipe avèk nou ane pwochen!



## ENSKRI KOUNYE A POU DEFI 5K SIPÈNTANDAN AN



Enskripsyon pou 2yèm Defi Anyèl 5K a pou benefisyé lekòl leta nan Miami-Dade yo ouvè kounye a. Pou enskri, vizite <http://bit.ly/2hRx3ao>. Dènye delè a se 25 mas.

giving our students  
the world

# Spring Smoothies

## Fuel Success

with a

### Smoothie At Lunch

(Tuesdays & Thursdays)

All Students who eat school lunch each day of the week will automatically be entered to win a

Awesome Amazon Award

\$25 Amazon Gift Card

**Contest Dates: February 13 – April 28, 2017**

## Komisyón Konsey Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann

Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann

Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Doktè Steve Gallon III

Perla Tabares Hantman

Doktè Martin Karp

Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho

Sipèntandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo

Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

*Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a*

Daisy Gonzalez-Diego

Ofisiye Anchèf Kominikasyon

## DAT POU NOU SONJE

- |              |  |
|--------------|--|
| 20 fevriye - | Fèt Tout Prezidan (All Presidents Day) |
| 26 fevriye - | Fwa Kolèj Nasyonal Miami               |
| 24 mas -     | Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon    |